# JARASILĢANLIĢI MÚNÁSIBETI MENEN JUWAPKERSHILIKTEN AZAT ETILIW NORMASINIŃ ÁMELIYATTA QOLLANILIWI

***Z.R.Allambergenova*** - *Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq Mámleketlik Universiteti Yuridika fakulteti 2-kurs studenti*

**Annotaciya:** Usi maqalada jarasqanlıǵı múnásibeti menen juwap[kershilikten azat etiw tiykarları, onıń ámeliyatta qollanılıwı, qanday jaǵdayda jarastırıów sháraları kóriliwi hám de kórilmewi, alımlardıń teoriyalıq kóz qarasları hám de shet el mámleket tájriybelerinde jarastırıiw institutınıń qollanılıwı haqqında kóz qaraslar sáwlelengen.

**Gilt sózler:** juwapkershilikten azat etiw, jarasılǵanlıǵı múnásibeti menen juwapkershilikten azat etiw, puqaralıq dawager, arza, sud talqılawı, jınayat isisn sudqa jiberiw, mediaciya, zıyandı saplastırıw.

Belgili bir jaǵdaylarda jınayatshılıqqa qarsı gúres maqsetlerine erisiw ayıpkerlerdi jınayıy juwapkerlikke tartpastan yáki jaza bermesten, biraq haqıyqıy jaza múddetin ótewden azat qılıw menen ámelge asırılıwı múmkin. Sol sebepli Ózbekstan Respublikasınıń jınayat nızamshılıǵında juwapkerlik hám jazadan azat etiw institutları tártipke salınadı.

I.Y.Kozachenkonıń pikirinshe, “Jınayıy juwapkerlik – bul shaxs jınayat islegen waqıttan baslap júzege keletuǵın huqıqıy qatnasıq bolıp, jınayat islegen shaxstı qayta tárbiyalaw, ulıwma hám arnawlı tártipte eskertiw maqsetinde qollanılatuǵın májbúriy sharadur” . Biraqta, Ózbekstan Respublikası Jınayat Kodeksi menen belgilengen ayırım jaǵdaylarda shaxs usı jınayıy juwapkerlikten azat etiliwi múmkin.

Ózbekstan Respublikası Jınayat Kodeksi 16-statyası 2-bóliminde, jınayat quramınıń barlıq belgileri bar bolǵan qılmıstı islew juwapkershilikke tartıw ushın tiykar boladı, dep belgilengen. Biraq, hámme waqıtta shaxs barlıq qılǵan jınayatları ushın juwapkershilikke tartılmaydı. Ayırım jaǵdaylarda jınayat islewde ayıplı bolǵan shaxslar bul juwapkershilikten azat etiliwi de múmkin. Bunday jaǵdaylar, álbette, Ózbekstan Respublikası Jınayat nızamshılıǵında belgilep qoyılǵan. Atap aytqanda, Ózbekstan Respublikası Jınayat Kodeksiniń besinshi bólim (Juwapkershilikten yáki jazadan azat etiw) XII babında juwapkerlikten azat etiwdiń altı túri belgilep qoyılǵan.

Jınayıy juwapkershilikten azat etiw – wákillikli mámleket organınıń sudlaw yáki ayıplawdı biykar etiw, sonday-aq jınayat islewde ayıpker bolǵan shaxsqa mámleket májbúrlew sharasın qollanıwdı biykarlaw haqqındaǵı aktı sanaladı.

Jınayıy juwapkershilikten azat etiw ushın eki belgi bolıwı tiyis:

a) shaxstı jınayat quramı bar bolǵan qılmıstı islewi, sonday-aq onı jınayıy juwapkershilikke tartıw ushın barlıq tiykarlardıń bolıwı;

b) usı shaxstı jınayıy juwapkershilikten azat etiw ushın barlıq nızamlı tiykar hám shárt-sharayatlardıń bolıwı.

2001-jıl 29-avgustta Jınayat kodeksine jarasqanlıǵına baylanıslı juwapkershilikten azat etiw haqqındaǵı $66^1$-statya kirgizildi. Oǵan muwapıq, birinshi ret Jınayat kodeksiniń Arnawlı bóliminde kórsetilgen jınayatlardı islegen shaxs, eger ol óz ayıbın moynına alsa, jábirleniwshi menen jarassa hám keltirilgen zıyandı saplastırsa, jınayıy juwapkershilikten azat etiliwi múmkin. Jarasqanlıǵına baylanıslı juwapkershilikten azat etiw, ayıbın moynına alıp arız etiwge uqsaydı hám atap aytqanda sonday belgilerge iye boladı. Biraq jarasıwdıń ózine tán sıpatları bolıp, bul onı ayıbın moynına alıp arız etiw tiykarında juwapkershilikten azat etiwden ayırıw múmkinshiligin beredi. Jarasqanlıǵı tiykarında juwapkershilikten azat etiw zıyandı ótew hám jábirleniwshi tárepinen ayıplanıwshını keshiriw tiykarında ámelge asırıladı. Ayıbın moynına alıp arız etiwde bolsa, dáslepki tergew yamasa sud tárepinen ámelge asırıladı. Ayıplanıwshı hám jábirleniwshiniń jarasqanlıǵı nızamlı hám ıqtıyarlı bolǵanın belgilew ushın tómendegi shártler bolıwı tiyis:

1) jınayat kodeksiniń $66^1$-statyasında kórsetilgen jınayatlardan biriniń islengenligi;

2) ayıbın tán alıwı;

3) keltirilgen zıyannıń óteliwi.

Jınayat kodeksiniń $66^1$-statyasında kórsetilgen jınayatlardan biriniń isleniwi jarasqanlıqtı kórsetetuǵın basqa elementler bolǵanda, shaxstı jınayıy juwapkershilikten azat etiw ushın tiykar bolıwı múmkin. Jarasqanlıǵına baylanıslı

juwapkershilikten azat etiliwi múmkin bolǵan jınayatlardıń dizimi $66^1$-statyada belgilengen.

Jarasıw haqqında islerdi júritiwdiń tártibi Ózbekstan Respublikası Jınayat - processual kodeksiniń "Jarasıw haqqındaǵı isler boyınsha is júritiw" dep atalǵan 62-babında belgilengen.Yaǵnıy, bul bap mazmunında jarasılǵanlıǵı múnásibeti menen kórip shıǵılatuǵın jınayat isleri, jarasıw haqqında arza, jınayat isin sudǵa jiberiw tártibi, sud talqılawı, sud uyǵarıwı tártibi kórsetilgen.

Jarasıw haqqındaǵı arza jábirleniwshi (puqaralı dawager) yáki onıń nızamlı wákili tárepinen sorastırıw hám dáslepki tergewdiń, sonday-aq sud talqılawınıń qálegen basqıshında, biraq sud máslahatxanaǵa kiriwden aldın beriliwi múmkin. Arzadan jetkerilgten zıyan saplastırılǵanı, sonday-aq jarasılǵanlıǵı múnásibeti menen jınayat isi boyınsha is júritiwdi tamamlaw haqqındaǵı iltimas kórsetilgen bolıwı kerek. Eger jarasıw haqqındaǵı arza is birinshi instanciya sudında sud talqılawınan ótkerilip atırǵanda berilgen bolsa, sud onı dárhal kórip shıǵıwǵa kirisedi.

Sorastırıwshı,tergewshi, prokuror jábirleniwshiniń (puqaralıq dawagedıń) yáki onıń nızamlı wákiliniń jarasıw haqqındaǵı arzasın alǵannan soń jeti sutkadan artıq bolmaǵan múddette gúmanlanıwshınıń, ayıplanıwshınıń razılıǵı menen isti sudqa jiberiw haqqında qarar shıǵaradı.

Jarasıw haqqındaǵı isler boyınsha sud talqılawı jınayat isi sudǵa kelgen waqıttan baslap on sutkadan keshiktirmey ótkeriledi. Sud májilisinde gúmanlanıwshı, ayıplanıwshı, sudlanıwshı, jábirleniwshi (puqaralıq dawager), olardıń nızamlı wákilleri,qorǵawshıları, prokuror qatnasadı.

Jarasıw haqqındaǵı isler boyınsha sud talqılawı jábirleniwshiniń jarasıw haqqındaǵı arzasın oqıp esittiriw menen baslanadı.

Sud gúmanlanıwshı , ayıplanıwshı, sudlanıwshı hám jábirleniwshiniń (puqaralıq dawagerdiń) islegen jınayat jaǵdayları haqqındaǵı sózlerin esitedi.

Sud:

- Jarasıwdıń ıqtıyarıylıǵı hám onıń sebepleri;
- Gúmanlanıwshı, ayıplanıwshı, sudlanıwshı óz aybın ıqtıyarıy moynına alǵanlıǵı;
- Gúmanlanıwshı, ayıplanıwshı, sudlanıwshı ózi islegen qılmısınıń aqıbetlerin ańlaǵanlıǵın hám jetkerilgen zıyandı qaplaw sharaların kórgen-kórmegenligin;
- Jábirleniwshige (puqaralıq dawagerge) yáki gúmanlanıwshı, ayıplanıwshı, sudlanıwshıǵa qanday da bir májbúrlew bolǵan-bolmaǵanlıǵı;
- Jetkerilgen zıyannıń ornın qaplaw menen baylanıslı máselelerdi;
- Gúmanlanıwshı, ayıplanıwshı, sudlanıwshı, olardıń nızamlı wákilleri jarasıwǵa razılıqların anıqlaydı.

Eger sud májlisi dawamında jarasıw, ayıbın moynına alıw ıqtıarıy emesligi, zıyandı qaplawdan bas tartıw, sonday-aq islengen qılmısta awır jınayat quramı belgileri barlıǵı anıqlanǵan bolsa, sud ulıwma qaǵıydalar boyınsha sorastırıw yáki dáslepki tergew júritiliwi ushın isti prokurorǵa jiberiw haqqında uyǵarıw shıǵaradı.

Sud talqılawlarınıń nátiyjeleri boyınsha sud nızamda belgilengen tártipte uyǵarıw tapsıradı.

Sudtıń uyǵarıwına gúmanlanıwshı, ayıplanıwshı, sudlanıwshı, jábirleniwshi (puqaralıq dawager), olardıń nızamlı wákilleri, qorǵawshı tárepinen jeke shaǵım beriliwi hám prokuror tárepinen jeke protest keltiriliwi múmkin.

Joqarı aytıp óltilip atırǵan, jarasqanlıǵı múnásibeti menen juwapkershilikten azat etiw institutınıń Rossiya Federaciyasında qollanılıwın kórip analizlep shıǵamız. Bul norma 1996-jıl 13-iyunda qabıl etilgen hám 2023-jıl 28-aprelde jańa redakciyada qabıl etilgen Rossiya Federaciyası Jınayat Kodeksiniń 76-statyasında kórsetip ótilgen. Oǵan muwapıq, jámiyetlik qáwipi úlken bolmaǵan yáki onsha awır bolmaǵan jınayattı birinshi márte islegen shaxs jábirleniwshi menen jarassa hám jábirleniwshige jetkerilgen zıyandı qaplaǵan bolsa, jınayıy juwapkerlikten azat etiledi , dep kórsetilgen. Demek, bul mámlekette jarasıw múnásibeti menen juwapkershilikten azat etiw institutı Ózbekstan Respublikası Jınayat kodeksinde kórsetilgen jarasıw múnásibeti menen juwapkershilikten azat etiw norması menen mas keledi.

Bunnan tısqarı, Qazaqstan Respublikasınıń 2023-jıl 20-mayda jańa redakciyada qabıl etilgen Jınayat Kodeksiniń V babı “Juwapkershilik hám jazadan azat etiw” dep atalıp, onıń 68-statyasında jarasıw múnásibeti menen juwapkershilikten azat etiw tiykarları kórsetip ótilgen. Oǵan muwapıq ólimge sebep bolıwı menen baylanıslı bolmaǵan jınayıy huqıqbuzarlıq yamasa jámiyetke qáwipi úlken bolmaǵan yamasa onsha awır bolmaǵan jınayat islegen shaxs, eger ol jábirleniwshi, arza beriwshi menen, sonday-aq mediaciya tártibinde jarasqan bolsa, jınayıy juwapkerlikten azat etiledi.

Jáne de erjetpegenler, hámledar hayallar, jas balası bar hayallar, jas balalardı jalǵız tárbiyalap atırǵan er adamlar, eliw segiz jasqa tolǵan hám odan úlken jastaǵı hayallar, alpıs úsh jasqa tolǵan hám birinshi ret awır jınayat islegen, ólim menen baylanıslı bolmaǵan yamasa insan densawlıǵına awır zıyan jetkizgenlik ushın jábirleniwshi, arza beriwshi menen, sonday-aq dáldalshılıq tártibinde jarassa hám jetkizilgen zıyannıń ornın qaplasa, jınayıy juwapkerlikten azat etiliwi múmkin. Jınayıy juwapkerlikten azat etilgende erjetpegenlerge qarata tárbiyalıq tásir kórsetiwdiń májbúrlew sháraları qollanıladı.

Juwmaqlap aytqanda, jámiyetimizde ámelge asırılıp atırǵan sud-huqıq reformalarınıń strukturalıq bólegi bolǵan jınayıy jazalardıń liberallastırılıp atırǵanlıǵı jınayat huqıqı páni hám jınayat nızamlarınıń jáne de tereńrek úyreniliwin talap etedi. Atap aytqanda, jınayıy jazalardıń liberallastırılıwı munasábeti menen

jınayatlardıń klassifikaciyası, jarasılǵanlıǵı munasábeti menen jınayıy juwapkerlikten azat etiw, jaza sistemasın liberallastırıw máseleleri Ózbekstan Respublikası Joqarı sudı plenumi qararların, sud-tergew ámeliyatın analiz etiw tiykarında kórsetip berilgen. Huqıqıy mámleket, puqaralıq jámiyeti qurıwdıń zárúrli shárti - bul nızamlardıń sózsiz orınlanıwı bolıp tabıladı.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**


1.Ózbekstan Respublikası Jınayat Kodeksi 22.09.1994

2.Ózbekstan Respublikası Jıńayat-processual Kodeksi 22.09.1994

3.Ózbekstan Respublikası Oliy Sudı Plenumınıń "Jarasıw haqqındaǵı isler boyınsha sud ámeliyatı haqqında" 27-sanlı qararı. 25.10.2002

4. Oliy Sud Plenumi Qarorlari «Jinoiy jazolarni liberallashtirish munosabati bilan ayrim Oliy Sud Plenumi Qarorlariga o'zgartirish kiritish to'g'risidagi» 2002-yil 14-iyun

5.Уголовный Кодекс Российской Федерации. 13.06.1996

6.Qazaqstan Respublikası Jınayat Kodeksi 20.05.2023

7. Qazaqstan Respublikası Joqarı sudınıń 2001-jıl 21-iyundaǵı "Qazaqstan Respublikası Jınayat kodeksiniń 68-statyasın qollaw boyınsha sud ámeliyatı haqqında" ǵı 4-sanlı qararı,

8. И.Я Козначенкою Санкции за преступления против жизни и здоровья. Томск, 1987 г. Сб-45

9. Уголовный право Россию Общая часть. Москва. 1997 г. С.-72

10. Rustambayev M.X.,2018. Ózbekiston Respublikasi Milliy Gvardiyasi Harbiy-texnik Instituti, 2018 II Tom, Umumiy qism

11 Voljenkin, B.V., Galiakbarov, R.R., Gorelik, A.S. O'zbekiston jinoyat qonuni. Qism alohida. / Vah. ed. Kruglikov L.L. - M.: Wolters Kluver, 2005. – 839b.

12. Ignatov, A.N., Krasikov Yu.A. O'zbekiston jinoyat huquqi ikki jildda. Maxsus qism. - M .: Ed. NORMA, 2000. - V.2, 816s.;

13. Kuznetsova, I.M., Borzenkov, G.N., Komisarov, V.S. Besh jildda jinoyat huquqi kursi. Maxsus qism. - M.: Zertsalo, 2002. - T. 4, 662s.